

# EPIZÒD : PWOSESIS

## MO JODI A : PWOSESIS

### REZIME EPIZÒD LA



Tilou ap prepare yon sipriz pou Lili. Li suiv yon pwosesis pou li reyalize sipriz la: Premyèman, li imagine sa li vle fè a; dezyèmman, li planifye kòman li pral fè l ak zouti l ap gen bezwen pou li fè sa; Twazyèmman, li reyini tout materyèl yo; katyèmman, li reyalize sa li vle fè a, epi pou fini, li jwi rezilta a.



Janjan ak zanmi l, Siril, ap konstwi machin. Pou yo rive fè sa, yo suiv yon pwosesis byen defini.



Lolita, yon ti myèl, te toujou reve al kolekte nekta nan chan yo, menm jan ak frè l ak sè li yo. Men paske zèl li te twò piti, yo te toujou ap dekouraje l. Men Lolita te dètèmine. Li te antrene an sekre pou li vole. Lè pandan plizyè jou lapli ap tonbe, li deside soti pou l te ka chèche nekta pou frè l ak sè l yo ki t ap mouri grangou.

## POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Eske ou sonje pwosesis Tilou te suiv pou li te ka prepare sipriz pou Lili a?
4. Eske sa rive w deja yon moun dekouraje w nan yon bagay w ap fè ? Oubyen yon bagay ou ta renmen fè ? Ki jan ou te reyaji lè sa?

# FÈ AKTIVITE AK TIMOUN OU YO

## 1. Kreye yon bwat pou met barèt, bijou, oubyen lòt ti bagay piti

**Objektif :** Timoun nan ap ka kreye yon bwat ki gen 3 seksyon. L ap devlope imajinasyon l, kapasite pou l travay ann ekip ak konpetans kinestezik li.

**Dire :** 30 minit

**Materyèl :** 3 woulo papye ijyenik (san papye ijyenik la), yon ti moso katon 20\*10 santimèt, 5 fèy blanch, kreyon koulè, sizo, kòl, tiklere (si posib)

**Etap 1 :** Timoun yo ap koupe katon an nan yon fòm jewometrik yo renmen. Li ka won, kare, elatriye. Men fòk katon an nan yon gwosè kote yo ka met twa woulo papye yo kanpe sou li.

**Etap 2 :** Timoun yo ap koupe nan woulo papye yo yon fason pou yo gen 3 wotè diferan.

**Etap 3 :** Timoun yo ap pran 1 fèy blanch, y ap koupe l nan menm fòm ak katon an. Epi tou y ap koupe lòt fèy blanch yo pou ka fè wonn chak woulo papye ijyenik.

**Etap 4 :** Timoun yo ap kolorye fèy blanch yo. Yo ka fè ti desen flè ladan yo tou ak kole tiklere sou yo si yo genyen.

**Etap 5 :** Timoun yo ap kole fèy blanch dekore ki nan menm fòm ak katon an sou katon an; apre sa y ap fè menm bagay pou 3 woulo papye yo .

**Etap 6 :** Kole 3 woulo yo sou katon an yon fason pou woulo yo kanpe kotakot.

## 2. Imajine pwosesis pou yo suiv pou fè yon bagay

**Objektif :** Timoun nan ap ka reflechi ak pwosesis ki suiv pou fè yon bagay, kote l ap devlope imajinasyon l, espri kritik li ak tout konpetans pou li ekri ak pran lapawòl devan lòt moun.

**Dire :** 30 minit pou 15 timoun

### *Premye fason : San materyèl*

**Etap 1 :** Timoun yo ap reflechi ak yon bagay yo renmen fè (li ka yon jwèt, yon manje) epi y ap ekri pwosesis yo suiv pou fè l.

**Etap 2 :** Lè yo fini, y ap prezante sa devan tout timoun yo.

### *Dezyèm fason : Avèk materyèl*

**Materyèl :** Bristòl (oubyen fèy blanch), kreyon

**Etap 1 :** Anseyan an ak koupe bristòl yo ak fèy blanch yo nan dimansyon 6\*6 santimèt, epi mete yo sou biwo li.

**Etap 2 :** Mande chak timoun reflechi ak pwosesis yo ta dwe suiv pou fè yon bagay yo renmen fè.

**Etap 3 :** Chak timoun ap pran ti moso bristòl oubyen fèy blanch pou yo ka desine etap yo pandan y ap nimewote yo. Chak etap nan yon bristòl separe.

### *Twazyèm fason : Avèk menm materyèl*

**Etap 1 :** Timoun yo ap desine sou moso bristòl oubyen fèy blanch pwosesis pou yo suiv pou fè yon bagay yo renmen. Chak etap ap nan yon bristòl diferan (san nimewote fwa sa)

**Etap 4 :** Anseyan ap mande pou timoun yo mete katon yo nan move lòd epi fè echanj ak kamarad yo.

**Etap 5 :** Chak timoun ap gen pou ranje katon yo nan lòd pwosesis kamarad yo dwe suiv pou fè sa yo gen pou fè a.

